MIAMI-DADE COUNTY

Avi Piblik

Pwopozisyon Plan Pwogram Fon Envestisman Ane Fiskal 2026 Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè

PERYÒD KÒMANTÈ

Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Miami-Dade (HCD) ap anonse nan avi sa a yon peryòd kòmantè 45 jou apati 11 septanm 2026 jiska 26 oktòb 2026, pou piblik la revize e fè kòmantè sou dokiman pwopoze annapre yo:

- Plan Pwogram Fon Envestisman Ane Fiskal 2026

Dokiman sa yo disponib lendi rive vandredi ant 8:00 a.m. e 5:00 p.m. nan chak biwo jesyon sit HCD yo, nan biwo administratif yo ak sou sit entènèt **www.miamidade.gov/housing**. Silvouplè voye kòmantè alekri bay: HCD, 701 N.W 1st Ct, 16th Floor, Miami, Florida 33136, Attn: PHA Plan Comment; oswa voye kòmantè yo pa imel bay: **PHAPublicComment@miamidade.gov**.

ODYANS PIBLIK

Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Miami-Dade (HCD) ap anonse nan avi sa a ke gen yon **odyans piblik** ki pwograme pou fèt nan Komite Lojman an (HC) **10 novanm 2026, a 2:00 PM**. Objektif odyans lan se bay piblik la okasyon pou li fè kòmantè sou dokiman pwopoze sa yo: **Odyans piblik** sa a va fèt andedan Chanm Konsèy Komisyon Konte a ki nan dezyèm etaj bilding Stephen P. Clark Center, 111 N.W. 1st. Street, Miami, FL 33128.

AVI POU APÈL KONFERANS:

- HCD va òganize yon reyinyon vandredi 11 septanm, a 3:00 p.m., nan Lemon City Community Center, 150 NE 69 Street, Miami, FL 33138.
- A 5:00 p.m., reyinyon an va fèt vityèlman. Pou patisipe nan telefòn, yo dwe rele 786-635-1003 epi yo dwe antre Kòd Aksè 257262#.

HCD pa fè diskriminasyon dapre ras, sèks, koulè, relijyon, kondisyon marital, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite sèksyèl oswa ekspresyon apatenans seksyèl, sitiyasyon antanke viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon womantik oswa asèlman, sous revni, laj, gwosès oswa sitiyasyon familyal nan kad aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite lojman. Si ou bezwen yon entèprèt lang siy oswa materyèl nan fòma aksesib pou evènman sa a, rele 786-469-2155 omwen senk jou davans. Itilizatè TDD/TTY ka kontakte Sèvis Relè Florid la nan 800-955-8771.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY